

**NERAPKEUN MODEL PROBLEM BASED LEARNING (PBL) KANGGO
NGARONJATKEUN HASIL BELAJAR SISWA KELAS IV DINA
SUBTEMA KEBERAGAMAN BUDAYA BANGSAKU**

(Panalungtikan Tindakan Kelas Dina Kelas IV SDN Cimanggung II)

**Ku
Susan Cahya Sumirat
145060033**

ABSTRAK

Panalungtikan tindakan kelas ieu dilaksanakeun di SDN Cimanggung II kalawan jejer panalungtikan kelas IV. Berhasilna pembelajaran dicindekkeun ti éféktifna proses diajar melibat aktipkeun peserta didik sarta tiasa kahontal na tujuan anu atos dirumuskeun. Panalungtikan ieu dilatar belakangi margi kapanggih na kaayaan siswa kirang kalibat aktip, siswa henteu tiasa konsentrasi sarta ngan diuk cicing, perkawis ieu jalaran margi guru ngagunakeun keneh padika ceramah, kusabab éta perlu penerapan model pembelajaran. Panalungtikan ieu ngagunakeun padika Penelitian Tindakan Kelas (PTK) kalawan sistem siklus anu memuat opat langkah nyaéta perencanaan, palaksanaan, panitén, refleksi. Panalungtikan dilaksanakeun tilu siklus, saban siklus memuat dua pasamoan kalawan ngagunakeun model Problem Based Learning. Teknik evaluasi anu dipigawe peneliti nyaéta tes sarta non tes. Teknik tes dipigawe kanggo terang hasil belajar siswa sarta nontes dipigawe kalawan ngalakukeun paniten ka daweung paduli sarta daweung sopan siswa. Dumasar kenging evaluasi siswa dina siklus I, II, III peneliti meunangkeun hasil anu nyugemakeun. hasil evaluasi siswa saban siklus meningkat kalawan rata-rata nyaéta siklus I 63,94 (36,84%), siklus II sagede 71 (63,15%), siklus III sagede 78,9 (84,2%). Kacindekan ti penilitian ieu teh pamakean model Problem Based Learning tiasa ngaronjatkeun hasil belajar siswa. Perkawis anu peneliti sarankan dina pamakean model Problem Based Learning nyaéta pamakéan model Problem Based Learning kedah tiasa ngamotivasi siswa langkung aktip sarta ngaronjatkeun kreatifitas mikir kritis siswa ku kituna ngaronjatkeun hasil belajar siswa.

Kecap Pamageuh : Problem Based Learning, Hasil belajar